

Pou Piblikasyon Imedya: 05/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MIZANPLAS POU SALÈ MINIMÒM 15 DOLA A AP
KONTINYE AN 2020 APRÈ ANALIZ DIVIZYON BIDJÈ A KI MONTRE FÒS
EKONOMIK KONTINI AN**

Ogmantasyon an ap Antre an Vigè 31 Desanm 2019 la

*Anons lan Vini aprè [Rapò](#) Divizyon Bidjè a ki Montre yon To Chomaj Ba Rekò
tandiske Salè Minimòm lan te Ogmante*

*Salè yo ap Ogmante epi Pousantaj Moun ki Genyen Salè Minimòm ki ap Fè Djòb
Atan Pasyèl yo ap Bese*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a mizanplas pou salè minimòm 15 dola a pral antre an vigè 31 Desanm 2019 la aprè yon [rapò](#) obligatwa dapre règleman Divizyon Bibjè (Division of Budget, DOB) a te twouve ke bès to chomaj nan nivo rekò New York la endike ke ogmantasyon salè minimòm resan yo te absòbe avèk enpak neglijab, si genyen, sou demann pou travay nan chak rejyon yo. Baze sou konklizyon rapò a, pèspektiv aktyèl yo pou kwasans kontini an nan anplwa ak salè yo nan yon fason modere pèmèt mache travay Eta a absòbe ogmantasyon salè minimòm yo ki pwograme pou 2020 an. Salè minimòm lan te ogmante pou rive 15 dola pa èdtan pou konpayi yo ki anplwaye 11 oswa plis moun nan Vil New York nan dat 31 Desanm 2018, epi li pral ogmante pou rive 15 dola pa èdtan pou konpayi yo ki anplwaye 10 oswa mwens moun ane sa a. Nan Long Island ak Westchester, li pral ogmante pou rive 13 dola pa èdtan, epi pou rive 11.80 dola nan rès Eta a kòm li kontinye ap grandi.

"New York nan tèt konba a pou jisis ekonomik lan, li fyè pou li etabli yon egzanp nasyonal nan ogmante salè minimòm lan pou rive 15 dola", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Prèske twa ane aprè nou te mete New York sou wout pou atenn yon salè minimòm 15 dola, nou ap wè avantaj yo: to chomaj ba rekò yo, mwens moun ki ap viv nan povrete, mwens moun ki ap travay plizyè djòb atan pasyèl ak plis fanmi ki gen opòtinite pou viv yon lavi desan. Nan New York nou kwè nan peman pou yon jounen jis pou yon jounen travay ki jis, epi nou pap sispann konbat jiskaske yo peye chak Nouyòkè ki travay di yo salè ki jis yo merite a."

Règleman sou salè minimòm lan egzije rapò a ke Divizyon Bidjè a te pwodwi a pou sèvi kòm mwayen pou revize eta ekonomi an nan chak rejyon epi efè ogmantasyon salè minimòm yo ap detèmine si nou ap avanse avèk ogmantasyon yo jan yo pwograme a oswa si dwe genyen yon reta.

Konklizyon kle ki soti nan Rapò sou Salè Minimòm Divizyon Bidjè a gen ladan:

- An Septanm 2018, to chomaj Eta a te bese nan yon nivo istorik 3.8 pousan sou yon baz ki ap ajiste yon fason sezonye epi li te rete nan oswa toupre nivo istorik sa a depi lè a.
- Atravè 10 premye mwa 2019 yo, to chomaj Eta a te rete an mwayèn 4 pousan, epi si tandans sa a kontinye pou rès de mwa yo, 2019 la pral reprezante rekò ki pi ba sou baz mwayèn anyèl depi ane 1970 yo.
- Yo prevwa ke djòb sektè prive yo ap ogmante nan yon rit satisfèzan kontini 1.2 pousan an 2020, aprè yon kwasans 1.4 pousan an 2019.
- Salè Eta New York yo ap ogmante, ogmantasyon nan salè minimòm lan sipòte sa. Revni fanmi yo nan Eta New York te ogmante pou rive 2.5 pousan an 2018 konpare ak ogmantasyon nasyonal ki se sèlman 0.8 pousan, dapre Biwo Resansman Etazini (U.S. Census Bureau).
- Yo prevwa ke salè Eta New York yo ap kontinye devlope nan mitan yon mache travay ki sere.
- Yo prevwa ke kantite travayè salè minimòm yo ap ogmante pou rive 1.5 milyon an 2020 gen ladan 16.4 pousan nan mendèv la, sa ki sijere ke byen plis pase yon milyon travayè Eta New York pral pwobableman benefisyè nan ogmantasyon salè minimòm Eta a depi 2013.
- Yo prevwa ke pousantaj travayè atan pasyèl yo ap bese soti 52.1 pousan an 2009 pou rive 41.2 pousan bò 2020.
- Mendèv salè minimòm lan ap vyeyi epi gen plis chans pou li travay apen tan. Yo prevwa ke pousantaj travayè atan pasyèl ki gen 16-24 ane yo ap bese soti 41.4 pousan an 2009 pou rive 31.3 pousan bò 2020.

Depi li te premye rive opouvwa, Gouvènè Cuomo te travay pou restore parite ekonomik ak jistis sosyal pou fanmi ki ap travay yo nan Eta New York, gen ladan vote lwa sou yon salè minimòm 15 dola pou restore ekite ekonomik, adopte pwogram konje familyal peye avèk pwoteksyon pou djòb ki plis solid nan nasyon an ak ekstann pwoteksyon yo pou anplwaye sektè piblik la nan gouvènman lokal ak Eta a apre desizyon devastatè Tribinal Siprèm (Supreme Court) la nan afè "Janus" lan. Ane sa a, Gouvènè a te kontinye pwogrè istorik sa a nan adopte Lwa sou Travayè nan Fèm (Farm Workers Bill) yo, ki bay plizyè milye travayè nan fèm nan New York dwa pou yo negosye kolektivman ak lòt pwoteksyon enpòtan ankò.

Lokalite	Kalandriye Nivo Salè Minimòm Jeneral				
	31/12/2016	31/12/2017	31/12/2018	31/12/2019	31/12/2020 2021*
NYC - Gwo Anplwayè yo (ki gen 11 anplwaye oswa pi plis)	11.00 dola	13.00 dola	15.00 dola		
Vil New York - Ti Anplwayè (10 oswa mwens)	10.50 dola	12.00 dola	13.50 dola	15.00 dola	

Lokalite	Kalandriye Nivo Salè Minimòm Jeneral					
	31/12/2016	31/12/2017	31/12/2018	31/12/2019	31/12/2020	2021*
Long Island ak Westchester	10.00 dola	11.00 dola	12.00 dola	13.00 dola	14.00 dola	15.00 dola
Rès Travayè Eta New York yo	9.70 dola	10.40 dola	11.10 dola	11.80 dola	12.50 dola	*

*Ogmantasyon alavni yo pral baze sou yon kalandriye endekse ke Direktè Divizyon Bidjè a ap etabli an akò ak Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la aprè yon revizyon anyèl enpak yo

Mizanplas pou Salè Minimòm 15 dola

- Yo te adopte pwojè lwa sou salè minimòm 15 dola a nan kad bidjè 2016-17 eta a, epi li make yon akonplisman majè nan efò Gouvènè a ap fè yo pou retabli jistis ak enpasyalite ekonomik pou fanmi ki ap travay nan Eta New York yo. Kalandriye mizanplas la sou baz rejyon yo ap konsa:
- Pou travayè nan Vil New York yo ki ap travay pou yon gwo biznis (sa ki gen omwen 11 anplwaye yo), salè minimòm nan te ogmante rive 11 dola nan fen ane 2016 la, epi apre 2 dola an plis chak lòt ane, pou rive 15 dola nan dat 31/12/2018.
- Pou travayè nan Vil New York ki ap travay pou yon ti biznis (sa ki gen 10 anplwaye oswa mwens yo), salè minimòm nan te ogmante rive 10.50 dola nan fen ane 2016 la, epi apre 1.50 dola an plis chak lòt ane, pou rive 13.50 dola nan dat 31/12/2018, ki ap monte rive 15 dola nan dat 31/12/2019.
- Pou travayè nan Konte Nassau, Suffolk ak Westchester yo, salè minimòm nan te ogmante rive 10 dola nan fen ane 2016 la, epi apre 1 dola an plis chak lòt ane, pou rive 12 dola nan dat 31/12/2018, ki ap monte rive 15 dola nan dat 31/12/2021.
- Pou travayè nan rès Eta a yo, salè minimòm nan te ogmante rive 9.70 dola nan fen ane 2016 la, epi apre 0.70 dola an plis chak lòt ane, pou rive 11.10 dola nan dat 31/12/2018, ki ap monte rive 12.50 dola nan dat 31/12/2020 - apre sa, salè minimòm nan pral kontinye monte pou rive 15 dola selon yon kalandriye endis ke Direktè Divizyon Bidjè a pral etabli an konsiltasyon ak Depatman Travay la.

Plis enfòmasyon disponib sou www.ny.gov/minimumwage.

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)